



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN PLIS PASE 1.5 MILYA DOLA FINANSMAN POU REKIPERASYON KI TE SIPÒTE PWOPRIYETÈ KAY AK BIZNIS NEW YORK YO

Finansman an te Ede nan Efò Rekiperasyon 13,000 Pwopriyetè Kay ak Plis Pase 1,000 Ti Biznis Pandan Kat Dènnye Ane yo

Yo te achte 1,100 Pwopriyete ki te Detwi oubyen ki te Vilnerab pou 430 Milyon Dola e yo te Konvèti yo an Espas Ouvè epi Natirèl oubyen yo Vann yo Ozanchè pou yo Reamenaje yo

Transfòmasyon Tinèl New York Gouvènè Cuomo a ap Enstale Nouvo Baryè pou Bloke Inondasyon

Efò Rekiperasyon Eta a Detaye nan [Rapò 4^{yèm} Anivèsè Kloti Sesyon New York la](#)

Pou katriyèm anivèsè Gwo Tanpèt Sandy a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo te akòde pwopriyetè kay ak biznis yo plis pase 1.5 milyadola kòm finansman pou rekiperasyon apre tanpèt. Jan li detaye nan [Rapò 4yèm Anivèsè Kloti Sesyon New York la \(NY Rising 4th Anniversary Report\)](#), finansman sa te sipòte 13,000 pwopriyetè kay ak plis pase 1,000 ti bisnis.

Gouvènè Cuomo te di: “Aprè Gwo Tanpèt Sandy a, New York te fè yon sèl pou rekonstwi ankò pi byen e pi solid ke jamè. Nou te bay èd a plizyè milye pwopriyetè kay ak ti biznis, pandan n ap atake menas chanjman klimatik mondyal la dirèkteman – lè n investè plizyè milya nan kominote nou yo pou amelyore rezistans enfrastrikti nou yo epi ranfòse yo fas ak tanpèt alavni yo. Nou kontinye travay ak patnè federal ak patnè lokal yo pou asire eta sa prepare epi li prè konplètman pou pwoteje jenerasyon Moun New York alavni yo kont kondisyon meteyo ki grav.”

Depi Gouvènè Cuomo te kreye Biwo Rekiperasyon apre Siklòn nan (Office of Storm Recovery):

- Yo te akòde plis pase 1 milya dola pou ede 11,000 Moun New York nan reparasyon ak rekonstriksyon kay yo.
- Yo te akòde plis pase 76 milyon dola pou rekonstwi 750 pwopriyete pou lwe.

- Yo te akòde yon lòt 26 milyon dola pou konplete depans rekiperasyon enprevi kèk fanmi te akimile.
- Yo te achte yon total 1,100 pwopriyete ki te detwi oubyen ki te vilnerab pou 430 milyon dola epi yo te konvèti yo an espas ki ouvè epi natirèl oubyen yo te vann yo ozanchè pou yo reamenaje yo.
- Yo te akòde plis pase 49 milyon dola bay 1,043 ti biznis pou sipòte ranplasman ekipman ak envantè ki esansyèl, renovasyon enstalasyon oubyen pou jwenn fon pou travay.
- Yo te akòde anviwon 300 milyon dola pou Rekonstriksyon Kominotè, Enfrastrikti epi Rekonstwi ak pwogram Konsepsyon yo (Community Reconstruction, Infrastructure and Rebuild by Design).

Anplis yo sipòte pwopriyete kay ak biznis yo nan rekiperasyon yo, New York te investi nan fason ki agresif nan ranfòsman rezistans etaa fas ak gwo siklòn k ap ogmante yo. Anvan sa, tinèl New York yo te konstwi pou pwoteje kont yon inondasyon 100 lane, men devastasyon yo ke Ouragan Sandy ak Irene te fè, sa demontre nesesite pou ogmante pwoteksyon yo pou reziste a yon inondasyon 500 lane.

Nan kad [Transfòmasyon pon ak tinèl New York Gouvènè Cuomo a](#), tinèl nan tout Vil New York yo ap pwoteje ak nouvo baryè etanch ki enstale pou bloke inondasyon pou yo pa antre nan tinèl ak enstalasyon yo. An plis, tinèl yo pral gen kapasite ponpaj sibmèsib ki ogmante pou pwoteje kont inondasyon.

Anplis, Plan Kapital 2015-2019 MTA a genyen ladan l, anpil mezi pou fòtifye Metwo Vil New York la kont inondasyon; Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) te etabli “NYS Mesonet” pou amelyore kontwòl kilima a; rezèv konbistib estratejik la te etabli nan tout eta a; e plis pase 125,000 Moun New York te fòme nan jesyon sitiyaasyon katastwòf atravè Kò Preparasyon Sitwayen la (Citizen's Preparedness Corps).

Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon Apre Katastwòf Gouvènè Cuomo a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR), Lisa Bova-Hiatt te di: “Antankan yon mak nan pwogram nou yo, GOSR te rete anganje pou ekilibre enstriksyon estrateji yerachi yo– lè l ap chèche satisfè objektif pwogramatik yo pandan l ap fasilite Moun New York yo pou yo patisipe aktivman nan pwosesis rekiperasyon an. Nan gwo trajedi tanpèt lòt jou yo, nou te jwenn lespwa ak opòtinite pou n rekonstwi, re-envante epi repanse kominote nou yo nan fason ki ekstraòdinè, lè n fè investisman san parèy k ap rann nou pi solid epi pi prepare ke jamè. Pandan n ap tann sa, n ap kontinye asire tranzisyon pou soti nan repons ijans pou rive nan egzekisyon pwojè ak objektif rezistans alontèm.”

Nan jounen 29 oktòb 2012 la, Gwo tanpèt Sandy te frape rejyon metropoliten New York,

ki lakoz domaj san parèy a prèske 300,000 inite lojman, pètibe kouran de milyon kliyan sèvis piblik, epi afekte diferan metòd transpò (ki enkli wout ak sistèm transpò piblik). Yon total 61 moun te mouri nan tout eta a akòz tanpèt la, ki te vini mwens pase yon lane apre siklòn ak tanpèt twopikal Lee ak Irene.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan <http://stormrecovery.ny.gov/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418